EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# Т.ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК ШЕБЕРЛИГИ ҲӘМ ХАЛЫҚЛЫҚ ПАФОСҚА ҚАТНАСЫ МӘСЕЛЕСИ

**М.Қ.Жарылқасинова**
ӨзРИА Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты таяныш докторанты
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7785054

**ARTICLE INFO**

Received: 22th March 2023
Accepted: 29th March 2023
Online: 30th March 2023

**KEY WORDS**

*Пафос, көркем әдебият, поэзия, лирика, лирикалық қаҳарман, шайыр, халық, сезим, дөретиўшилик.*

**ABSTRACT**

*Мақалада көркем әдебиятта пафос түсиниги ҳәм оның илимий-теориялық тийкарлары ҳаққында кең түрде түсиниклер берилген. Пафостың коркем әдебиятта сәўлелениўи, түрлерге бөлиниўи ҳәм де шайырлардың дөретиўшилигинде қолланылыўы бойынша мағлыўматлар берилген. Сондай-ақ, халықлық пафос бойынша илимпазлардың пикирлери келтирилип өтилген. Қарақалпақ әдебиятында халықлық пафостың қолланылыўы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Т.Жумамуратов дөретиўшилиги мысалында илимий анализге тартылған.*

Ҳәрбир адам поэзияны ҳәр қыйлы түсинип, ҳәр қыйлы қабыл етеди. Гейпаралар қосық жанға жағымлы ҳәм тартымлы жазылғанлығы ушын оқыйды. Лейкин, олар қосықтың мазмун мәнисин терең сезинбегенликтен, ондағы адамларды ийгиликли ислерге умтылдырыўшы қәсийетлерди уғынбаўы мүмкин. Қәйткенде де, поэзиялық шығармалар инсанның пүтин қәлбин ҳәм оның жан дүньясын жаўлап алғанда ғана ҳақыйқый поэзиялық дөретпе сыпатында оқылады. Егерде, қосықты оқыған адам ҳақыйқый поэзия шайдасы болса, қосықтан ең бирinши нәўбетте мазмун излейди ҳәм шайырдың өз қосығы арқалы кең оқыўшылар қәўимине не демекши екенлигин өзиниң ой призмасынан өткере баслайды. Қосықтағы ҳәрбир сөздиң мазмун-мәнисин шағып, идеясын түсинип, поэзиядан руўхый ләззет алыўға умтылады. «Поэзия деген сөзде көп мәни бар екенлигин айтыў ҳәзир бизиң ушын жаңалық емес. Бирақта, оған берилетуғын анықламалардан, мәнилерден оның мазмунының кеңлигине ҳешким таласа алмайды» [1. 3]. Поэзия ҳаққында илимпазларымыз тәрепинен жүдә көп пикирлер билдирилген болып, олардың көпшилигинде дерлик инсанды гөззаллыққа, көркемликке бағдарлайтуғын күш-қүдирет барлығы ҳаққында сөз етиледи. Мысалы, белгили әдебиятшы алым Ә.Пирназаров өзиниң мийнетинде поэзияға былайынша түсиник берип өтеди: «Поэзия– бул гөззаллық. Поэзияны дурыс пәмлеў (түсиниў) бизди көбирек адамларға жақсылық еткиси келетуғын қайыр-сақаўатлы, әдалатлы адам етип кәмалға келтиреди» [2.157]. Ҳақыйқый шайыр жан дүньясын тебрендирип, тыньшлық бермеген сезимлерин қыпсалап отырмастан, иштеги қуўанышы менен ғам-

қайғысын, дәрти менен дебдиўлерин өз шығармасы арқалы сыртқа шығарады ҳәм оны безеп, жанладырып өз оқыўшысына көркемлеп усынады. Бир сөз бенен айтқанда, ҳәрбир инсанның жүрек төринде уйықлап жатырған «шер»ди оятыўға қүдирети жеткен шайырды ғана ҳақыйқый сөз шебери десек болады. Халық шайыры Т.Жумамуратовтың қәлеген лирикалық шығармаларының: жайдары қосықларынан тартып, төртликлери, үшликлери, терме-толғаўлары, балладалары, тәрип ҳәм арнаўлары ҳ.т.б. қосықларының идея-тематикасында халықлық мазмун, халықлық сыпат ҳәм халықлық пафос күшли берилгенлигин көремиз. Шайырдың қосықлары қайсы темаға арналған болса да, халық кеўлине қонымлы мәнили сөзлерге ҳәм теңеўлерге байлығы менен оқыўшыны өзине тартады: Мысалы, «Шайырлық толқыны» қосығында шайырдың шеберлигин бир-бирине қашық ҳәм алшақ сөзлерден мәни шығарып, оларды орны орнына қойып, уйқастырып, мәни шығарыўынан көрсек болады:

Дизил сөзлерим жулдыздай,
Жылтылдап турсын қундыздай,
саллансын сулыў қыздай,
Сүйсин шадлы елим мениң3.129],

- деп жырлаған. Бул қатарларда көркем сөзди өмириниң мазмуны деп билген шайырдың руўҳый келбети шығармаларында екенлиги поэтикалық образлы қатарларда және де жилўаланып сәўлеленгенлигин көремиз. Шайырдың сөз саплаў шеберлигине қарап отырып та, қәлеген китап оқыўшысы оның авторы Т.Жумамуратов екенлигин дәрриў аңлай алады. Оның дөретпелериндеги өзине тән өзгешелиги ең биринши гезекте халықлық пафосында көринеди. Мысалы, «Алақан» қосыгында:

Қайталасаң, бир музыка бурынғы,
Шертиў керек шеберлерден асырып,
Жаман жазсаң ким оқыйды жырыңды,
Сандығыңа сақламасаң жасырып
Сандық ушын жазбас шайыр, биракта,
Пәнт жегиси келмес ҳешким кәринен.
Шешен сөзи сиңиў керек қулаққа
Орын алып мыңсан жүрек төринен. [3.131].

Шайырлар қосық жаза бериўи мүмкин. Лейкин, ҳешкимге уқсамаған, өзгеше бояўларда жүрекке жағымлы етип жазыў шайырдан жүдә үлкен шеберликти талап етеди.Оқыўшы бирдейликти сүймейди. Сонлықтан да, бул қосықта шайыр ҳәр бир талант ийесиниң басқаларды қайталамайтуғын өз жолына, өз қол жазбасына ҳәм қол таңбасына ийе болыўы кереклигин оғада утымлы ҳәм қонымлы қатарларда көркем сәўлелендирген. Шайыр және де, жазыўға тема таба алмай жүргенлерге қарата:

Ҳеш пайда жоқ көзсиз қурған дузақтан,
Алақаным дастаўлы тур басымда.
Нағыз шайыр излемей ақ узақтан,
Түрли тема күтип турар қасында [ 3.131].

– деп, ҳазил аралас шынлықты айтады. Шынында да, қосық жазыў ушын теманы узақтан излеў, ойланыў шәр темес. Хақыйқый шайыр ушын әтирапқа нәзер салып, оннан тәсирлениўдиң өзи жеткиликли. Тек ғана оннан оқыўшының нәзик сезимин оятып, жүрегине жетип баратуғындай етип жазыў талап етиледи. Бул ушын әлбетте, шайырлық талант ҳәм де шеберлик керек. Шайыр бул қосығында ҳәзирги дәўирде де әҳмийетли болған мәселени ортаға алып шыққан. Себеби, ҳәзирги ўақытта бас мақсет шайыр айтқанындай: «Орын алып мың сан жүрек төринен» емес, ал абырай арттырыў, халыққа тезден танылыў ямаса басқа да жеке мәплерин гөзлеп «Шайырлық бостаны»нда адасып жүргенлерде баршылық. Бундайлардың дөретпелери болса, қосықта келтирилгендей сандықта өмир сүриўи сөзсиз. Сол ушын да, ҳеш болмағанда қәбийлет болмаса, бул бостанға кирмеген мақул. Себеби, алақанды басқа қойған менен де пайда бермейди. Шайыр бул қосығында алақан мысалында мийнет сүйгишликти, ықлас ҳәм де қәбийлетти сүўретлейди. Егер инсанда уқып ҳәм де қызығыўшылық болып, ҳадал нийет пенен мийнет етсе барлық нәрсеге ериседи. Жәнe де, шайыр бул қосығында алақанды символ сыпатында алып, мине усы идеяларды басшылқка алады.

«Қосық дегенниң сөзлери мазалы, тиллери наўалы болса, поэзия қатарына қосыўға болады»[2.162]. Сондай-ақ, оған қосымша оқыған адамның руўхыятына азық бере алатугындай мәнис-мазмун ҳәм де алға сүрилген пикир де болыў керек. Болмаса, иши пуш шыққан дәнеге мегзес болып ҳешким оннан айтарлықтай заўық та алалмайды.

Халық шайыры Т.Жумамуратовтың поэзиясы дилўарлығы, халықлық пафосқа байлығы менен де ажыралып турады. Шайыр лирикасы халық поэзиясының үлгиси тийкарында жазылыўы менен бир қатарда, оны өзинше раўажландырғаны ҳәм сол тийкарда жаңа форма ҳәм де мазмун менен байытқанлығын байқаўға болады:

Саўлық қадирин билмеген,–
Жалпайғанда өкинген,
Жаслық қәдирин билмеген,–
Қартайғанда өкинген.
Тазасы ағла кийимниң,
Дәстүрин сақла жаслықтың,
Жаңасы жақсы кийимниң,
Гөнеси жақсы дослықтың [3.118].

Бул қосық қатарлары оқыўшыны ерксиз түрде «Денсаўлықтың қәдирин бил қәсте болмастан бурын», «Кийимниң жаңасы жақсы, достың гөнеси жақсы» сыяқлы қарақалпақ нақыл-мақалларын қайта еске түсиреди.

Биреў аўыр айтты, биреў атты тез,
Атқаны сол, қатты сөзге қатты сөз,
Биреўлерге тилиң менен оқ атып,
Сен олардан күтип жүрме татлы сөз [3.108].

Шайыр бул төртлигинде болса, халық арасындағы «Оқ жарасы питер, сөз жарасы питпес», «Тил қылыштан кескир», «Тартынбаған атып сөйлер, жасқаншақ жатып сөйлер» сыяқлы және де:

«Маңлайдан аққан ашшы тер,
Көзге түссе, дуз болар,
Қулаққа тийген ашшы сөз,
Ишке түссе, муз болар» [4.115].

деген халықлық уғымларды басшылыққа алып жазғанлығын көриўимизге болады. Шайырдың лирикасында жақсы сөз айтыў, дурыс сөйлеў ҳаққында жүдә көплеген пикирлер келтирилген. Олардың көпшилигиниң түп тийкары халықлық уғымларға барып ушласады. Т.Жумамуратовтың төртликлеринде де фольклорлық дәстүрлерден пайдаланыў ҳәм де раўажландырыў шеберлиги айқын көзге тасланады:

Бир халықты урыўларға бөлгениң,
Дүньядағы жетижиним сол мениң,
«Бөлингенди бөри жейди» деген бар,
Сен өзиңди бөлеклетсең өлгениң [5.25].

Шайырдың төртликлери көбинесе үгит-нәсиятлаў формасында дөретилгенлигин көремиз. Үгит-нәсият болғанда да қуры жадағай гәп болып қалмастан, жүрекке барып тийетуғын найзадай сөзлерден, ништерли теңеўлерден қуралған. Бул, әлбетте, шайырдан шеберлик пенен қоса тәжирийбе ҳәм де билимди талап етеди.

Жас үлкенди сыйламасаң еле сен,
Ойлан, сен де сол дәўирге келесең.
Сонда жаслар сыйламаса өзиңди,
Өкиниште әрман менен өлесең [6.14].

«Т.Жумамуратов бар шайырлық талантын адамзатқа арнап, халқы ушын хызмет етти» [7.490]. Ҳақыйқтында да, бул пикирлер дурыс айтылған. Буның дәлийли сыпатында шайырдың:

Биреў алым дейди, биреў надан деп,
Биреў жақсы дейди, биреў жаман деп,
Бәринен де ең жоқарғы дәреже,
Айтса болды ҳақ жүрекли адам деп [8.3].

–деген қатарларынан-ақ, билиўимизге болады. Оның дөретпелериниң көпшилиги дерлик қайсы жанрда, қандай темада жазылыўына қарамастан, адамлардағы жоқары адамгершилик сезимлерди, дослық-татыўлық туйғыларын ҳәм ең жақсы пазыйлетлерди улығлаўға ҳәм ең жаман иллетлерди қаралаўға бағдарланды. Сонлықтан да, оның шығармалары қәлеген китап оқыўшысы ушын оқыўға ҳәм ядлап алыўға қолай болды десек қәтелеспеймиз.

Т.Жумамуратов халық тилин барынша терең меңгерген ҳәм оны керек жеринде

шығармаларына орынлы қоллана алған талантлы сөз устасы бола алды. Ол өзиниң дөретпелерин қайсы жанрда жазыўына қарай, сол жанрдың стилине сәйкес сөз ҳәм сөз тиркеслерин танлап қолланыўға айрықша дыққат аўдарады.

Шайыр дөретиўшилигиниң және бир өзгешелиги – жанрлық көп түрлилигинде көринеди. Ол поэзия, проза, драма жанрларында теңнен қәлем тербетти. Лекин, тийкарғы қызығыўшылығы көбирек поэзия жанры болды. Ол өзин поэзияда еркин сезди. Жүректен жазған қосықлары көпшиликти толғандыра алды. Сондай-ақ, оның сөзге шешенлиги, дилўарлығы ҳәм де тапқырлығы тек поэзияда емес, айтыс өнеринде де айқын көзге тасланады. Т.Жумамуратов ХХ әсирдеги қарақалпақ поэзиясында А.Дабылов, С.Нурымбетовлардан кейин И.Юсупов, Т.Мәтмуратов, К.Рахманов, М.Сейтниязов ҳ.т.б. өзи менен қатар ҳәм заманлас талант ийелери менен бир сапта турып қәлем тербетсе де, халықлық пафоста жазылған шығармалары менен халқымызға шын мәнисиндеги халық сүйген шайыр сыпатында жақыннан таныла алды.

## References:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1978-ж
2. Пирназаров Ә. Әдебиятшы, сыншы, алым Әбдикерим Пирназаровтың Әжениязтаныў илими. –Нөкис: Avangard– Baspa, 2022
3. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. –Нөкис: Қарақалппақстан, 2005
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық 88-100-томлар. –Нөкис: Илим, 2015
5. Жумамуратов Т. Төртликлер. «Әмиўдәрья» журналы 1987-жыл № 2-сан.
6. Жумамуратов Т. Төртликлер. «Әмиўдәрья» журналы 1983-жыл № 8-сан.
7. Пахратдинв Ә, Алламбергенов К, Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 2011.
8. Жумамуратов Т.Төртликлер. «Әмиўдәрья» журналы 1987-жыл № 10-сан.